

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Sabada dipaluruh kana tilu novel anu medal taun-2013, nya éta novel Srie Sunarsasi karya Enas Mabarti, novel Wira Pakuncen karya M.E Nata Sukarya, jeung novel Kabungbulengan karya H.D Bastaman kapanggih aya 101 tokoh, nya éta: Profèsor Ahmad Ghazali, Sriè Sunarsasi, Sulistya, Ibrahim Musa, Indungna Sriè, Bapana Sriè, Pa Ma'mum, Ibu Ma'mum, Kholil, Pa Wongso, Dra. Rukmini, Nur, Resmi, Titiék, Dokter Sadikin, Dokter Judono, Prof. Mr. Hardjono, Kolonèl Isman, Didin, Kiai Warsoon Munawir, Fajar, Drs, Mèd Sulaèman, Bedu Amang, Mashudi, Syarif Amin, Tawang Alun, Mas Darsono, Pa Haji Somad, Tim Fatimah, Tukang bèca, Ahmad Muhammad, Damiri, Umar Basalim, Padamulia Lubis, Wira, Ahmad, Erum, Mas Sujatma, Neng Emon, Ki Ahman, Sudira, Juragan Onder, Ki Uto, Mandor Iin, Warnis, Ono, Otang Legok, Entih, Bapa Isal, Haji Durahman, Mas Tanu, Lambri, Gones, Nyi Gariah, Pa Bungsu, Kalmah, Juragan Kuwu, Astim, Mas Lurah, Samsuri, Aom Jaya, Aom Eno, Mang Wajeunga Ciawi, Juragan Kanidat, Ma Nyai, Bapa Aja, Mang Entong, Juru Tulis Camat, Haji Soleh, Kiayi Cigasong, Ki Odon, Kosasih, Winata, Engkos, Piah, Kang Sura, Bok Ene, Ujang kusena, Aom Usman, Ondon, Haji Sadeli, Ajengan Wates, Akang Handi, Antin, Tita, Ibu Sumardi, Ningrum, Yési, Apah, Emah, Joop, Yu Siti, Pa Lurah, Bu Lurah, Mama Haji Jarkasih, Pramusaji kantin, jeung Ibu PKK.

Alur anu digunakeun nya éta alur maju, karakter tokohna kapanggih aya 37 watek anu kabagi kana watek hadè jeung watek gorèng. Watek hade nya éta, nya éta: taat kana agama, tanggung jawab, sabar, nurut, bageur, perhatian, wijaksana, bisa dipercaya, tegas, satia, sopan, mikanyaah, pengertian, profesional, gumbira, gede pangampura, optimis, resep heureuy, rajin, tulaten, perhatian, daekan, resep digawe, jeung pinter. Sedengkeun watek gorèng nya éta: babari

ambek, teu sadar kana perasaan sorangan, egois, sirik, ngababarikeun, sombong, babarian, teu bisa nahan hawa nafsu, sensitif, teu daek ngelehan, sok ngabohong, teu satia.

Latar anu kapanggih aya 199 latar anu didibagi kana latar sosial, latar tempat jeung latar waktu. Latar sosial aya dalapan, latar waktu aya 82, jeung latar tempat aya 109. Puseur impenganna nya èta jalma katilu jeung kalma kahiji. Sedengkeun gaya basa anu diwangun ku diksi aya 115, babasan jeung paribasa aya 41, jeung majas aya 28 anu diwangun ku majas personifikasi, hiperbola, metonemia, litotes, jeung simile.

Sacara kasaluruhan tèma, fakta carita, jeung sarana sastra dina novel-novel anu medal taun-2013 saling pakuat-pakait. Saperti tina novel Srie Sunarsasi miboga hubungan anu raket antara tèma, fakta carita, jeung sarana sastra. Tèma anu digambarkeun nya èta ngeunaan pasualan sosial anu leuwih museur kana masalah cinta. Hal ieu katitèn tina tina coverna anu ngagambarkeun awèwè anu keur mangku budak jeung warnana anu kayas.

Novel *Wira Pakuncèn* digambarkeun ku cover novel anu aya gambar lalaki anu makè pakèan siga bangsawan, jeung kaciri rada sombong. Eusi novelna nya èta nyaritakeun tokoh Wira jeung kahirupanna anu jadi pakuncèn.

Kitu deui novel Kabungbulengan kagambar ku gambar awèwè keur nanggeuy gado, eusi novelna ogè nyaritakeun awèwè anu bisa ngarusak rumah tangga anu harmonis.

Aspek psikologi sastra tipe emosional diwangun ku 13 watek, diantaranya: babari ambek, teu sadar kana perasaan sorangan, egois, sirik, ngababarikeun, sombong, babarian, teu bisa nahan hawa nafsu, sensitif, teu daek ngelehan, sok ngabohong, teu satia. aspek psikologi fungsi sekunder diwangun ku 15 watek, diantaranya: taat kana agama, tanggung jawab, sabar, nurut, bageur, perhatian, wijaksana, bisa dipercaya, tegas, satia, sopan, mikanyaah, pengertian, profesional, gumbira, gede pangampura. Sedengkeun tipe psikologis aktivitas diwangun ku dalapan watek, diantaranya: optimis, resep heureuy, rajin, tulaten, perhatian, daekan, resep digawe, jeung pinter.

Tipe Psikologi Kapribadian dina novel-novel anu medal taun-2013, nya eta: 1) tipe nerves, dumasar hasil analisis kana novel-novel anu medal taun-2013 kapanggih aya tilu tokoh anu kaasup ieu tipe, nya eta; Damiri, Joop Johannes Pleyte/Joop, jeung Apah/Engki. 2) Tipe choleric, dumasar hasil analisis kana novel-novel anu medal taun-2013 kapanggih aya tilu tokoh anu kaasup ieu tipe, nya eta; Nur, Wira, jeung Antin Sri Prihardini. 3) Tipe gapasioner (jalma hebat), dumasar hasil analisis kana novel-novel anu medal taun-2013 kapanggih aya tilu tokoh anu kaasup ieu tipe, nya eta; Sri Sunarsasi, Ibrahim Musa, jeung Akang Handi. 4) tipe sentimentil, dumasar hasil analisis kana novel-novel anu medal taun-2013 kapanggih aya tilu tokoh anu kaasup ieu tipe, nya eta; Dra. Rukmini, Titiek, jeung Yesi. 5) tipe sanguinis, dumasar hasil analisis kana novel-novel anu medal taun-2013 kapanggih aya lima tokoh anu kaasup ieu tipe, nya eta; Pa Wongso, Bedu Amang, Ahmad Muhamad, Sudira, jeung Bu Lurah Salamah. 6) tipe flegmatis, dumasar hasil analisis kana novel-novel anu medal taun-2013 kapanggih aya lima tokoh anu kaasup ieu tipe, nya eta; Ahmad Ghazali, Dokter Judono, Tita, Ningrum, jeung Pa Lurah Harja. 7) tipe apatis, dumasar hasil analisis kana novel-novel anu medal taun-2013 kapanggih aya 32 tokoh anu kaasup ieu tipe, nya eta; Sulistya, Indungna Sriè, Bapana Sriè, Pa Ma'mum, Ibu Ma'mum, Resmi, Dokter Sadikin, Prof. Mr. Hardjono, Kolonel Isman, Didin, Kiai Warson Munawir, Fajar, Drs. Med Sulaeman, Mashudi, Syarif hidayat, Tawang Alun, Mas darsono, Pa Haji Somad, Tim Fatimah, Tukang Beca, Umar Basalim, Padamulia Lubis, Ahmad, Erum, Ki Ahman, Iin, Ma Erum, Ibu Sumardi, Mama Haji Jarkasih, Pramusaji Kantin jeung Yu Siti. 8) tipe amorph, dumasar hasil analisis kana novel-novel anu medal taun-2013 kapanggih aya dua tokoh anu kaasup ieu tipe, nya eta; Kholil, jeung Aom Jaya.

## 5.2 Saran

Aya sababaraha saran anu hayang ditepikeun dina ieu panalungtikan, nya éta:

### a. Pikeun Guru

Dina ngajarkeun pangajaran sastra panalungtikan ieu bisa dijadikeun alternatif tinimbangan sangkan guru leuwih teleb dina merhatikeun stratégi jeung léngkah-léngkah pangajaran, saperti: ngawanohkeun, interprétasi, jeung tahap rékréasi.

### b. Pikeun Panalungtik

Perlu pisan diayakeun panalungtikan kana karya séjénna pikeun ngajembaran pangaweruh jeung nambahan bahan ajar.

### c. Pikeun Bahan Pangajaran

Dipiharep panalungtikan ieu cocog bisa dijadikeun alternatif bahan ajar dina pangajaran sastra.